

ENFÒMASYON

SOU MARIGWANA

May 2021

NYC Criminal
Justice

Aprè plizyè ane pledwaye, yo legalize marigwana nan New York kote yo vote Lwa sou Règleman ak Taksasyon Marigwana (Marihuana Regulation and Taxation Act, MRTA) Eta New York la. MRTA a fè yo ka sele, anile, ak efase kèk kondanasyon pou marigwana tou.

NAN SÈTEN SIKONSTANS, KOUNYE A MOUN KI GEN 21 LANE OSWA PLIS KA POSEDE, FIMEN, AK BAY MARIGWANA LEGALMAN NAN NEW YORK:

- Posede jiska 3 ons marigwana seche oswa jiska 24 gram marigwana konsantre
- Konsime marigwana ki gen ladann fimen - expsepte kote fimen pa otorize
- Bay yon moun ki gen plis pase 21 lane jiska 3 ons marigwana san ou pa pran lajan

TOUJOU GEN KÈK RESTRIKSYON:

- Li toujou ilegal pou posede oswa fimen marigwana sou yon pwopriyete federal (pa egzanzp, baz militè yo)
- Fimen marigwana kote yo entèdi moun fimen se yon vyolasyon lwa Vila k/ oswa Eta
- Li toujou ilegal pou posede oswa fimen marigwana si ou gen mwens pase 21 lane epi yo ka ba ou yon kontravansyon sivil pou jiska \$50
- Li toujou ilegal pou fimen marigwana pandan w ap kondui ak/oswa lè w ap kondui sou enfliyans marigwana

ENFÒMASYON SOU MARIGWANA

Yon nouvo Biwo Jesyon Marigwana pral fikse règ pou pwodiksyon ak lavant legal marigwana nan New York. Depi règ sa yo finalize, biznis ki gen lisans yo pral kapab pwodui ak vann marigwana legalman. Annatandan, lavant nenpòt kantite marigwana pa legal, men grasa sanksyon yo ki pi lejè- pa egzanp, lavant jiska 16 ons marigwana seche se yon ti deli kounye a, pa rapò ak yon krim anba ansyen lwa a. Se toujou yon krim lè ou fè espres ou vann marigwana bay nenpòt moun ki gen mwens pase 18 lane.

SI OU...	OU KA GENYEN...
Vann jiska 3 ons marigwana	Yon kondanasyon vyolasyon kriminèl; amann jiska \$250
Vann plis pase 3, rive jiska 16 ons marigwana	Yon kondanasyon pou yon ti zak; jiska twa (3) mwa nan prizon
Vann plis pase 16 ons, rive jiska 5 liv	Yon kondanasyon pou yon ti zak; jiska kat (4) lane nan prizon
Vann plis pase 5 liv, rive jiska 100 liv	Yon kondanasyon pou yon gwo zak; jiska sèt (7) lane nan prizon
Vann plis pase 100 liv	Yon kondanasyon pou yon gwo zak; jiska kenx (15) lane nan prizon
Vann nenpòt kantite marigwana bay yon moun ki gen mwens pase 18 lane	Yon kondanasyon pou yon ti zak; jiska kat (4) lane nan prizon

KONDANASYON KI EGZISTE POU MARIGWANA

Biwo Administrasyon Tribinal pral tou sele, anile, ak efase kondanasyon rezidan New York yo jwenn ki koupab pou posesyon marigwana ak kèk enfraksyon lavant marigwana.

REZIDAN NEW YORK KI IMIGRAN

Ka toujou gen konsekans imigrasyon pou itilizasyon marigwana, sitou pou moun yo te kondane pou marigwana deja. Si ou vle konnen plis bagay sou fason lwa sa a ka afekte dosye imigrasyon ou, pale ak avoka ou, oswa rele **ActionNYC (1-800-354-0365, Lendi rive Vandredi, 9è am - 6è pm)** pou jwenn asistans jiridik ki gratis, sekrè, epi san danje nan zafè imigrasyon.

BON ITILIZASYON AK EFÈ MARIGWANA SOU LASANTE

Tankou tout dwòg lwazi, lè ou fimen marigwana, li kapab gen efè segondè akoutèm ak efè segondè alontèm. [Ou kapab li plis enfòmasyon sou efè marigwana sou lasante la a.](#) Si ou bezwen èd ki gen pou wè ak itilizasyon dwòg, rele nan **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)** pou jwenn enfòmasyon ak referans 24 sou 24, 7 sou 7.